Pou Piblikasyon Imedya: 5/20/2016 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE $500,000 POU AKADEMI FIRE SCIENCE ETA NEW YORK POU BAY FÒMASYON LWIL BRIT POU PREMYE SEKOURIS YO

Gouvènè Cuomo jodia te anonse ke yo te bay New York State Academy of Fire Science $500,000 finansman federal nan Southern Tier. Finansman ki jere atravè asistans Pwogram Sibvansyon FEMA, pral sipòte yon fòmasyon similasyon lwil brit pou premye sekouris yo. Sa make twazyèm ane youn dèyè lòt ke Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis pou Ijans Biwo Prevansyon ak Kontwòl Difè te atribye finansman sa a. Akademi a fòme plis pase 6,000 founisè sèvis ijans nan eta nan plis pase 130 kou pa ane.

Premye sekouris New York yo riske jenerezman lavi yo nan fason pou pwoteje katye ak kominote nou yo," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Finansman sa pral bay ponpye nou yo nivo fòmasyon ki pi elve epi asire ke yo gen zouti yo bezwen pou takle sitiyasyon ijans sa ki danjere anpil."

Komisyonè DHSES John Melville te deklare, "Academy of Fire Science bay bon jan kalite fòmasyon inik pou volontè nou yo ak ponpye pwofesyonèl yo kidonk yo ka kontinye bay sèvis esansyèl nan chak kwen nan Eta New York. Finansman sa se kle pou kontinyasyon fòmasyon eksepsyonèl nan Academy an ansanm avèk premye sekouris yo ki travay nan eta nou an."

Pwogram Fòmasyon rezidansyèl la bay edikasyon pou yon varyete disiplin akademik ki gen ladan: Rediksyn difè, lidèchip ak jesyon depatman ponpye, sèvis ijans medikal, materyèl danjere, difè ak ankèt arson, prevansyon difè ak kòd ranfòsman, jesyon ensidan, teknik sekou ak repons ijans pou teworis. Enstriktè ki travay aplentan, tan pasyèl ak konferansye envite bay pwogram sa yo.

Yo pral itilize atribisyon sibvansyon ki pi resan sa pou yon pwopozisyon fòmasyon difè andirèk "hands-on" ki pral anseye ponpye yo kijan pou yo reponn a yon ensidan ki gen ladan lwil brit ansanm avèk lòt likid anflamab. Sa a demontre efò ankou eta pou prepare ak reponn a defi ke transpòtasyon lwil brit te koze pa tren ak dlo nan Eta New York.

Anplis, DHSES aktyèlman angaje nan yon kantite inisyativ pou amelyore planifikasyon, preparasyon ak kapasite repons pou nenpòt posib ensidan lwil brit, sa ki gen ladan: Yon efò planifikasyon entegre plizyè-ajans gen ladan ajans lokal, eta ak federal pou devlope Plan Repons Jeyografik pou sipòte repons inisyal la nan yon ensidan transpò lwitl brit; etabli Gwoup travay NYS Foam pou amelyore kapasite mous ponpye yo, avèk yon anviwonman mous ponpye ki ansekirite, disponib pou reponn a nenpòt ensidan ki gen ladan lwil brit oswa lòt likid anflamab; ak angajman kontinyèl pou fòme ak prepare ajans jesyon ijans ponpye eta ansanm avèk lòt pèsonèl repons ijans.

Lòt aksyon yo gen ladan deplwaman diznèf trelè ki ekipe avèk yon sibstans mous ponpye ki ansekirite pou anviwonman an nan depatman ponpye lokal yo ak ekip materyèl danjere konte yo toupatou nan eta ak enplemantasyon yon kanpay enspeksyon agresiv ki sible machin sitèn lwil ak enspeksyon ray. Depi 2014, Depatman Transpò ak patnè federal li yo te enspekte 13.011 tren, ki gen ladann 11,003 kamyon sitèn lwil brit ak 4,640 kilomèt pis pou tren, yo te jwenn 1,668 domaj, epi yo te bay 20 vyolasyon materyèl danjere.

DHSES kontinye ap elaji epi mete ajou teren yo, strikti ak fòmasyon anviwonman nan Fire Academy. Anplis de antretyen regilye, DHSES pa twò lontan de sa te envesti plis pase $450,000 pou amelyore strikti ak teren yon ansyen bilding ki date de yon syèk enkli re-asfaltaj, ranplasman twati, reyabilitasyon sal ansèyman ak depo ansanm avèk rediksyon amyant. Li gen ladan tou amelyorasyon anviwonman lavi ak ansèyman sa ki gen ladan ekipman odyo-vizyèl modèn, nouvo mèb ak ekipman salklas ak nouvo mèb pou dòtwa.

Depi 2011, eta te depanse $2 milyon pou antretyen woutin ak ti pwojè kapital ansanm avèk yon $1 milyon anplis ki angaje pou reyabilitasyon sistèm awozaj ak difè, plis rediksyon amyant ak reparasyon masonri ak renovasyon odyo-vizyèl sa ki gen ladan adisyon siyal entè-aktif.

Senatè Charles E. Schumer te deklare, “Li enpòtan ke nou bay depatman ponpye lokal nou yo ekipman ki pi ajou yo bezwen pou kenbe sitwayen nou yo ansekirite ak pou yo fè travay yo efikasman. Premye sekouris nou yo se ewo lokal nou yo ak premye defans prensipal nou – li enpòtan ke nou ba yo resous ak zouti dènye kri ke yo bezwen pou kontinye travay enpòtan pou sove lavi.”

Manm Kongrè Nita M. Lowey ki la lontan nan Komite Afektasyon Chanm nan, te deklare, “Kòm nap travay pou redwi risk derayman lwil brit nan kominote nou yo, nou dwe prepare tou pou reponn a yon ensidan, sa ki kapab fatal ak danjere pou sekirite, sante ak anviwonman an. Se poutèt sa lajan federal sa yo, ke mwen te travay pou m bay grasa pwojè lwa depans Kongrè a, enpòtan. Pratik bay pèfeksyon e egzèsis similasyon sa yo ap ede asire ke premye sekouris nou yo pare pou pi move ka menm si nou travay pou anpeche l.”

Depite Sean Patrick Maloney te deklare, “Chak jou tren barik lwil nan Hudson Valley, kounye a se youn nan koridò enèji ki pi frekante nan eta. Se poutèt sa sekirite tren se youn nan kesyon enfrastrikti ki pi enpòtan nan katye mwen an nan Hudson Valley. Mwen pataje angajman Gouvènè Cuomo pou envesti nan pwogram fòmasyon pou asire ke premye sekouris nou yo prepare pou anpeche aksidan tren, bay repons efikas epi kenbe kominote nou yo kont aksidan danjre.”

###

Wap jwenn lòt nouvèl adisyonèl ki disponib nan www.governor.ny.gov
New York State | Executive Chamber |press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418